


REZIME KLAS #11: Defi ki genyen nan bay tete (pati 2)

Ankyloglossya (oswa “file nan lang”) se lè anba lang lan kole sou planche bouch la, akòz de yon filè lang twò kout. Sa anpeche kapasite bebe pou deplase pwent lang lan lib e libè, pou timoun nan ka byen pran tete manman an, epi rale lèt.




Lè nou obsève timoun nan nou ka jwenn ti anpoul yo sou lèvanwo a

Epi pwent tete manman an gen fòm yon fa lè l soti nan bouch tibebe a.

Sa bay doulè e ka lakoz yon timoun paka pran pwa, malgre li toujou ap tete. Pou rezoud pwoblèm sa a, sa k pi enpòtan an se gade si gen yon teknik bay tete kòrèk. Si pwoblèm nan pa grav, li ka rezoud ak yon kouplaj ki pi fon ak plis asimetrik.

Si apre nou fin korije teknik la pwoblèm nan toujou la, li pi grav, nou dwe refere yon doktè pou fè koupe nan fren an.




Si yon **Glann Montgomery vin enfekte**, li vin pi gwo, li vin pi cho pase rès po a, li wouj, epi l fè mal. Pou rezoud sa ou ka chofo li avèk konprès cho, lave l ak savon ak dlo, byen seche l epi kite l pran lèt. Si apre kèk jou li kontinye enfekte, nou dwe konsilte yon doktè.



Vasospasm lan se yon ichemi tanporè nan pwent tete a, sa vle di san an pa pote ase oksijèn ak eleman nitritif nan zòn sa a. Nou ka wè li chanje koulè ant ble, blan ak wouj, oswa li jis vin blan. Li fè mal e doulè sa a parèt apre manman an fin bay tete epi li ka dire pou apeprè inèdtan.

Nou ka aplike chalè nan pwatrin lan anvan ak apre tete, swa ak men n oswa yon ti konprès cho.



- Sa ka rive **akòz prezyon** si tibebe a pa byen kouple epi li peze pwent tete a. Nou ka regle sa lè n byen kouple ti bebe a nan pwatrin nan
- Sa ka rive tou **akòz estrès**, eksperyans douloure oswa twomatik. Pou jere sitiasyon sa a, li enpòtan pou akonpaye manman an, ede l ranfòse konfyans nan tèt li, reponn kesyon li yo, bay li masaj pou li ka detann li.
- Genyen tou yon maladi ki rele **Sendwòm Raynaud**, ki bezwen yon tretman espesifik famakolojik doktè a preskri.

Egzema se yon blesi ki gen kal, ki anflame ki ka asosye ak maleng epi li trè grate. Anjeneral li parèt apre 6 mwa apre alètman. Yon doktè dwe evlaye l pou rezoud pwoblèm nan ak yon krèm kortikoterapi k ap aplike pandan 3 jou epi idratasyon po a ak lwil doliv, lwil kokoye oswa lwil tounsòl pou anpeche blesi a tounen.



Lè gen yon **Obstak nan kanal**, ou ka wè yon boul nan tete a, ki fè mal men li PA cho, ni wouj, e san manman an pa gen lafyèv ni lòt siy enfeksyon.

Yo ka gen rapò ak fason nou dòmi, kote yon pati nan glann nan peze ak lèt ki vin akimile dèyè zòn sa a. Li ka rive tou paske anpil èdtan pase ant chak tete e tete yo pa gentan vide, oswa paske kouplaj la sipèfisyèl epi li pa posib pou lèt la soti nan tete manman an byen, oswa paske tibebe a toujou bwè nan menm pozisyon an, kidonk gen de zòn ki pa drene.



Jesyon: mete ti bebe a ak manton li dirije nan direksyon zòn ki bouche a paske li se zòn ki gen aspirasyon ki pi fò, sa li pral ede nan drenaj tete ki bouche a. Nou ka mete frèt nan zòn nan pou soulaje l, itilize yon peny pou



debloke zòn blokaj la, epi yon bagay trè itil se fè masaj tankou n ap ekri chif nèf nan rejyon an nan boul la.



Mastit koresponn ak yon enflamasyon ak enfeksyon nan tete a, anjeneral li se rezilta yon blokaj ki pa rezoud, epi ki vin enfekte. Manman an prezante ak yon zòn sansib e ki gen doulè nan tete a, li anfle, li cho, li wouj e souvan sa rive sèlman nan youn nan tete yo. Li asosye tou ak lòt sentòm jeneral tankou deteryorasyon jeneral, doulè nan misk, tèt fè mal, frison ak lafyèv. Pafwa li ka konfonn ak grip la.

“Nan ka yon manman k ap bay tete ki gen sentòm grip, nou ta dwe toujou sispèk ke se mastit li genyen”.

Nan premye 24 èdtan ki soti nan kòmansman sentòm yo:
 -Vide tete a omwen chak 2 èdtan, bay tete oswa tire lèt la.
 -Mete frèt nan rejyon ki afekte a pou diminye enfeksyon.
 -Sèvi ak anti enflamatwa yon doktè rekòmande.
 -Manman an dwe repoze l, byen manje e rete idrate.



Absè nan tete koresponn ak yon konplikasyon nan mastit ki pa te trete byen.

MEN si apre 24 èdtan mastit la rete menm jan an oswa vin pi mal, si vin gen lafyèv oswa lafyèv la ogmante, li pi grav. nou bezwen tretman antibyotik yon doktè rekòmande.

Jesyon sa a se yon ekip sante ki dwe fè l paske li mande tretman antibyotik ak aksyon imedyata pou retire sa ki nan absè. Yo ta dwe kontinye bay tete.

Pwoblèm nan aletman se yon ijans ki dwe rezoud pi vit posib, paske doulè ak lòt pwoblèm yo ka pouse manman an pa vle kontinye bay tete. Nan sans sa a, wòl nou kòm monitriz se fundamental pou edike, akonpaye yo epi refere nan yon sant santè lè sa nesesè.

